
This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by UNESCO and the Council of American Overseas Research Centers (CAORC) in cooperation with the West African Research Association and Columbia University.

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: http://catalog.crl.edu/search~S16
- African Language Materials Archive (ALMA): http://www.dlir.org/e-books.html
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at http://alma.matrix.msu.edu.

# Màggatum Buur beek coro lu ndaw li

**DUNDUB LIIR YI**



**"Xale di dimbale xale"**

**EDICEF**

# Màggatum Buur beek

# coro lu ndaw li

## DUNDUB LIIR YI

**Doktoor Iwon Moren (Yvon Moren) ak mbootaayu "xale di dimbale xale"**

Ki def nataal yi: Isabel Kalin (Isabelle Calin)

Ak ndimbalu kureelu katolik gi nekkal xale fépp ci àddina si

**Yeen jàngkat, samay xarit,**

Léeb wii, di «Màggatum Buur beek coro lu ndaw li», di joxe xam-xam ci ni ñuy dundalee liir yi, taalif la bu nu jagleel xale yeek jigéen ñi. Yaakaar nanu ne, dinañu sawar ci jàng ko. Am ci mbégte, xam ci yit ni ñuy dundalee liir yi. Bu ñu jàngee léeb wi ba noppi, dinañu mën a nekk di ko jàngaatal, walla di ko nettali seeni mag yeek rakk yi, ak yeneen xale, ak seeni waajur. Daldi far mën a nekk ndaw yuy xamle ci wér-gi-yaram, ci gox bi ñu dëkk.

Waaye nag jàng léeb wi rekk, doyul ci xam bu baax li ko tax a jóg. Moo tax am nay yëngëtu yu xale yi mën a def, bu ñu wéetee, walla ñu nekk mbooloo ànd ceek seen sëriñ. Yëngëtu yooyu dinañu tax xale yi gën a xam, ci ni mu gën a gaawee. Daldi mën a jëfëndiko li ñu xam.

Wàll wi mujj ci téere bi moom, tegtal guy yombal njàngale la. Ñu gën koo jagleel jàngalekat yi. Waaye yit waajur yeek xale yu magaale yi dinañu ci mën a jëriñu.

L'édition originale a paru en français dans la série d'EDICEF,
Institut Santé et Développement, Collection "L'ENFANT POUR L'ENFANT," sous le titre:
Le vieux roi et la petite fiancée; L'ALIMENTATION DES BÉBÉS
© 1991, EDICEF
Édition wolof (publiée avec la permission d'EDICEF-
éditions classiques d'expression française, 58, Jean-Bleuzen, 92178 Vanves Cedex France)
© 1996, 1997 Louise Maranz
La Société Internationale de Linguistique
B.P. 2075
Dakar, Sénégal
Traduit du français en wolof par Pierre Boly et Momar Touré.



Ab Buur nekkoon na fi, am naqar lool. Ndaxam ay waxandeem, wurus ak gànjar lañu feese. Waaye Buur amul woon doom, te doom, am na solo.

Mu nekk naan: «Man amuma ndonoo! Céy! Bés bu ma faatoo, sama alal ci jaambur ñi rekk la jëm céy!»

Yàlla mujj na ko yërëm, may ko benn bés, jenn doom ju góor.

Bi doom ji tàmbalee dox rekk, Buur nar koo utal coro, ngir yàkkamtee gis ay sëtam. Bi bëgg-bëggu Buur siiwee...



...Ñu waxtaane ko jenn doomu gellwar, ju fi nekk. Buur daldi ca yónnee. Yaayu xale bu jigéen ba daldi gaaw nangu. Bég lool, ci li Buur tànn doomam. Tax na mu daldi takku, nekk di ko dundal, di ko nàmpal ci weenam. Xale bi nekk na di màgg, taaru ba dëkkandoo yi di ñëw xaat, ngir xool ki nar a doon gorob Buur.

Géwél yi daldi jiin sabar yi, ngir xamle ne doomu Buur takk na ngoro ci xale bi gën a taaru, ci gox bi.

Waaye benn bés, yaayu coro li yëg ne ëmb na. Ëmbaat na beneen doom.

Ci yooyu jamano nag, dañu gëmoon ne bu yaay ëmbee, dootul mën a nàmpal doomam ji feragul. Soowu weenam dootul baax ci xale bi. "Poson" la, te mën na koo rey. Moo tax yaay ji takk na dënnam ngir bañatee nàmpal corol doomu Buur.



Xale bi nag moom, mësul xam, lu dul dundee weenu yaayam. Moo tax leneen lu ñu ko jox mu bañ: Muy cere, walla lem, ba ci ruy yu woyof. Moo tax it léegi fu mu tollu di jooy guddeek bëccëg, yaramam di ŋiis. Ñu utal koy fajkat, taxul mu wér.

Ba far na sax mujj dee.

Buur yëg xibaar bu naqari bi, daldi fomm pas-pasam. Maanaam foom na céetu doomam ba mu amaat at.

Nee na: <<Buñu toogaatee ba am at ci laay tànnalaal sama doom coro>>.




Xibaar bi rakkati na yaay yi. Kenn nelawatul xanaa di kër-këri ngir Buur tànn doomam. Nekk nañu di bégal ak di beewloo seeni doom.

Waaye am na nag yaay joo xam ne moom ku néew doole la. Mareem la tudd. Dundam doyul ba tax soowam doyul ngir nàmpal doomam ju jigéen.

Doom ji, di xale bu taaru! Jekk ay gët, jekk gëmmiñ. Waaye nag tuuti na lool.



Moo tax Mareem nekk naan: <<Buur, du tànn mukk sama doom ji. Te sax man, duma am lu may dundale sama doom ji, bés bu sama soowum ween jeexee>>.



Tey jii nag, di bésub xew, Mamadu seetsi na Mareem, magam.

Mamadu yit nit ku tuuti la. Waaye dafa muus te njaxlaf ba mel ne lëg.

Mareem ne ko:

«Bu dee dëgg, ne ñoo bokk ndey ak baay, ne bëgg nga sa jarbaat sëy ak doomu Buur, bu dee dëgg ne yaa gën a muus lëg njomboor, fexeel ma am ŋankal ak soow! Ndax kat, des na tuuti, samay ween dootuñu am soow».

Mamadu tegul baat ci wax ji. Xam na li magam bëgg. Dafa daw ñëw, seetsi dëkkandoom. Dëkkandoom boobu, ciy jamono, jafe-jafe taxoon na mu yor juróom-ñaari jànq. Te ñoom ñépp, fexe na ba ñu sëyi ci këri ñu baax.



Dëkkandoo bi, ku baax la. Bi Mamadu ñëwee, jox na ko mbuusu sungufu dugub. Daldi ne ko:

<<Na sa jigéen  bi bàyyee ŋankal yeek ñi xamul dara. Di ñi nga xam ne, xamuñu ne meewum sunguf mi ci boyet yi, meewum nag doŋŋ la.

Kon moom na wéy ci di nàmpal doomam ak soow mi ko Yàlla jox, ci weenam. Waaye bu yàggee tuuti ween wi doŋŋ, dootul doy ci dundal xale bi. Kon deglul te xool ma bu baax, ma digal la ni ngeen di def, ba sa jarbaat am dund gu baax>>.

Mamadu deglu na ba noppi, dellusi ci kër jigéenam, daldi tàmbalee jox ruy xale bi. Bi ko jigéen bi gisee, daldi tiit, nekk di jooy.

<<Xanaa yow dangaa dof, Mamadu? Yow, kat dinga fatt sama doom jeek ruy bii>>!

Waaye xale bi moom, nekk na di naan ruy bi, di ñam wu bees ci moom. Faalewul yaayam jiy yuuxu.





Mamadu ne jigeenam:

<<Déglul li ma sama dëkkandoo bi digal! Nee na: Weenu yaay doy na ci dundal liir, ba muy am ñeeti weer. Jamono yooyu, liir bi du soxla leneen. Waaye bu amee lu ëpp ñeeti weer, ween wi rekk, dootul doy. Ndax bu dee màgg, bëgg lekkam it day màggaale.

Kon dañu koy nàmpal, te di ko jox ruyi dugub, walla sombi ceeb; di ko jox ay paytéef, yu ñu riij , di ko jox ay meññeef. Di leen ko jox tuuti-tuuti, bañ a ëppal.

Kon bu subaa, dinaa dem utali la salaat ca tool ya. Dinaa la indil salaat ak ay njëmbëtu tamaate. Di nga leen mën a jëmbëttaat ci sa tool>>.



Bi loolu wéye, ba am ay fan, Mamadu dellusi na, seetsi jigéenam. Daldi gis ne xale bi bàyyi na jooy, am na yaram, te daanaka mën naa taxaw.

Mamadu jekki-jekki na siggi, ndax dégg ganaar guy jenj ci ëtt bi, ngir bëgg a nen.

Mamadu xelam demaat na ca ndigal ya ko dëkkandoo ba joxoon. Mu daldi ne jigéenam:

<<Bu sa ganaar gi nenee, baxalal nen bi, dindi pëdd bi. Boo ko dindee, moxoñ ko ci ruy, walla supp yi ngay jox sama jarbaat. Bu gënee yàgg, di nga ci mëm a moxoñ sungufu yàppu ganaar>>.



Ndaw si yuuxóoti na. Nee na:

<<Nen?! Mamadu daal yow da ngaa dof, di jaay xam-xam! Xanaa yow dangaa bëgg sama doom ji leel? Te bu amatul kawar, naka laa koy léttee, ngir woni ko Buur? sungufu yàppu ganaar sax, nangu naa ko. Waaye nen!! Yow daal demal>>!

Waaye bi Mamadu demee, ñëwaat na. Ñëwaat na gii yoon, ànd ak dëkkandoom.Yor ci benn loxoom cujj, bu ñuy soog a tostan, ci beneen loxom xottu nen bi cujj bi nekkoon.

Daldi ne: <<Ganaar gu nooy yàpp a ngi nii. Dañu koy daldi reyal sama jarbaat. Kon jox ma paaka>>.



Mareem daldi merati ba fuutuut. Waaye dëkkandoo bi jël na kàddu ne ko:

<<Mamadu dafay kaf doŋŋ, di la tooñ. Waaye dafa laa bëgg a won ne, nen ak ganaar, daanaka benn lañu. Ndax nen, mooy doon cuuj, cuuj doon ganaar, mu doon yàpp>>.


Mamadu ne na: <<Nen doon yàpp>>!

<<Janq yi ma yoroon, dañu daan def nen ci seeni ruy.Te tey boo leen gisee, ñoo gën a rafet ay létt ci dëkk bi.>>

Mareem amatul lu muy ragal.

Coono Mamadu yit jeex na. Soxlaatula naxante. Ndax xale bee gaaw a soppal boppam, morso yàppu ganaar ak jën, yi ñu koy defal ci ruyam yeek suppam yi.

Moo tax bi mu amee at, xale bi, lépp la mën a lekk. Ba tax sawar na te yewwu na. Ay tànkam dëgër nañu, muy jéem di wax fu mu tollu.





Toogaat ɲañuy weer, bés bu mag bi soog di agsi. Di bés bi Buur naree tànnal doomam soxna. Moo tax Buur yëgle na.

Nee na: <<Bu subaa, nañu ma indil xale yu jigéen yi ci dëkk bi yépp! Di xale yi am at ba ci ñaari at>>.

Ndey yaa ngiy lox, di kër-këri, ngir waajal seeni doom, ngir kenn du leen gën a rafet. Moo taxit bitik yi raaf nanu, ci waxtu yu néew. Benn piis desatul.

Sunu jongama ji yit, bi bés bi agsee, bokk na ci ñi ñëw kër Buur. Waaye gëm na ne du mën a joŋanteek boroom gànjar yu taaru yi. Bu dul woon Mamadu sax kon dina far yoqi ba far daw. Waxtu joŋante wi agsi na. Waxtu wi yaay yiy war a wone doom yi.



Bi ayu Mareem agsee, fab na doomam jëm ca Buur. Waaye nekk di lox, tànk yiy jaxasoo.

Wànte Buur raay na xale bi, daldi ne:
<<Na la Yàlla sàmm. Yow mii yaay doon sama goro>>.



Daldi xool Mamadu. Mamadu bég bay bëgg a fakastalu.



Bi ñu ci tegeey at, jarbaatu Mamadu màgg na. Nekk jongama ju rafet. Mag ñi naan sax ñoom mësuñoo gis ndaw su rafetee ne moon, ba ñu juddóo ba tey. Ci la daldi séyyi kër doomu Buur.

# Fàttelikul

1- Soowum yaay mooy ñam wi gën ci liir.

2- Soowum yaay, doy na ci dundub liir, ba mu am ñeent, ba juróomi weer.

3- Bu liir amee ñeenti weer, gannaaw di koy nàmpal, war nanu yit di ko jox ay ñam:
Bu amee ñeent ba juróomi weer: ruy bu woyof, di gën a far, lañu koy jox.
Bu amee juróom ba juróom-benni weer: Dañuy dolli di ko jox ay paytéef, yu ñu riij, walla meññeef.
Bu amee juróom-ñaar, ba juróom-ñetti weer: Nanuy dolli ci ruy yeek paytéef yi, pëddu nen bu nu baxal,walla yàppu ganaar, walla yàpp wu mokk, walla jën wu nu riij.
Mën nanu ko may it muy naan (ndox, soow, ndoxum mënñeef) ci kaas, walla mbattu, walla bool, walla kuddu.

4- Na yaay yiy nàmpal ci ween, ni mu mën a gën a yàgge.

5- Nàmpal ak sungufu meewu nag ci ŋankal, mën naa indi biir buy daw, bu mën a rey xale.

# Jëf

**1.** Ndax léeb bi neex na leen? Wutal leen ko weneen tur. Jéemleen a xaaj léeb bi, def koy cër. Cër wu ci nekk ngeen utal ko tur.

**2.** Nettalileen léeb wi, ni mu leen soobee, ci seeni xarit, seeni ràkk yu góor mbaa yu jigéen. Ngir seet ba xam ndax nànd nañu limu wundu. Laaj leen yii laaj: Ban njuumte la yaayu liir bu njëkk bi def? Lan lañu war a jox liir mu lekk? a.ñ.s.

**3.** **Powum tiyaatar**: Yaak say xarit, jéemleen a nekk Buur bi, Mareem, Mamadu, dëkkandoo bi...Lan ngeen di def? Jéemleen a sos ay kàddook ay anam yu bees. Ci noonu ngeen mënee def tiyaatar, ci seen kanami waajur ak ay mag, bes bu seen daara amee xew-xew.

**4.** **Ab gëstu:**

Naka lañuy dundale liir yi ci sunu gox?

Jéemleen a gëstu, ngir xam liy xew ci seeni wet.

*Seetileen ndey yi yor liiru ñetti weer, juróom-benni weer, walla at.

*Laaj leen lan la seen doom lekk te naan démb.

*Ndax xam nañu ne meewum ŋankal, meewum nag la?

*Ndax xam nañu ne ŋankal yi, mën nañoo joxe biir yuy daw yuy rey? Waxtaanleen, ngir xam fu seeni gëstu tollu . Lan ngeen mën a def, kenn ku nekk, walla ngeen nekk mbooloo, ngir yëf yi jëm kanam?

**5.** Ngir ñi aay ci xayma: Soowum yaay dina tax liir gaaw a màgg te gaaw a am kàttan. Liir bu diisee ñetti kilo, bi muy juddu, diisaayam

doọn juróom-benni kilo bi mu amee juróomi weer. Kon diisaayam dafay nekk ñaar!

Bu magum juróom-ñaar-fukki kilo, doon yokk diisaayu yaramam ñaari yoon, ci juróom-benni weer yu nekk, ban diisaay lay am ci diirub ñaari at?

**6.** Naka ngeen mën a xamalee, ñi ngeen nekkal, li ngeen soog a jàng? Ay xalaat: Defleen ay nataal, yuy wone musibab ŋankal yi, ñam yu nu mën a jox liir yi; fent wenn woy, benn taalif... Te ngeen nettali, léebu Buur bu màggat beek coro lu ndaw li.

## ****XAM-XAM YU SAMPU YU NU WAR A AM CI GËSTUM LÉEB WI***

## WAR NA TAX NU AM XAM-XAM YU SAMPU YII:

1- **Feral ko walla teel koo feral musiba la.**

2- **Soowum yaay ci doom, leneen mënu koo wuutu**. Ndax dafa koy dundal te dafa koy aar ci jàngooro yi. Soowum ŋankal **mënula aar liir ci jàngoro yi**. Faral nay joxe biir buy daw, buy rey.

3- **Soowum yaay am na li war lépp** ci liy tax ab liir di màgg, ba ba muy am ñeent ba juróomi weer.

4- **Ci ñeenti weer yu mat**: Bu xale amee ñeenti weer, soowum ndeyam rekk, dootul doy.War nañu koy dolli ay ñam: **Kon yaayam day wéy di ko nàmpal**, te di ko jox ñam: Ruy walla sómbi; ay paytéef yu ñu riij. Bu gënee yàgg, mu koy jox nen, yàpp wu ñu tëcc, jën. Sungufu meew mën nañu koy jox xale biy nàmp yaayam. Ci kaw ñu def ko ci "kaas."

5.- **Xale bu am at**, mën naa lekk lépp lu mag di lekk.

6.- **Digle nañu di nàmpal xale, ba mu am lu ëpp at.**